



# Social Security

## Benefis pou Retrèt



The background of the page features a stylized graphic of a rising sun or flame, composed of numerous curved blue and orange lines. This graphic is set against a dark blue gradient background that is lighter towards the bottom. Small white five-pointed stars are scattered throughout the background, particularly on the left side and around the base of the sun/flame graphic.

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)

## Kontakte Sekirite Sosyal

### Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou avantaj retrèt, andikap, ak Medicare;
- Revize *Etadkont Sekirite Sosyal* ou;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Mande pou ranplase kat Medicare ou; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Kèk nan sèvis sa yo disponib sèlman nan lang Angle.

### Rele nan nimewo gratis nou

Anplis itilizasyon sitwèb nou, ou toujou kapab rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandem yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Anjeneral, w ap gen yon tan ki pi kout pou tann si ou rele pandan jou lasemèn apre madi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa si ou mal pou tandem, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

## Ki sa ki andedan

Sekirite Sosyal ak plan retrèt ou .....	4
Benefis pou retrèt ou .....	4
Benefis pou Fanmi. ....	8
Sa w bezwen konnen lè w elijib pou resevwa benefis pou retrèt .....	10
Yon ti mo sou Medicare .....	14

## Sekirite Sosyal ak plan retrèt ou

Sekirite Sosyal fè pati plan retrèt pou prèske tout travayè ameriken. Si w pamí 96 pou san travayè ki gen pwoteksyon Sekirite Sosyal, ou ta dwe konnen fason sistèm nan fonksyone ak sa w ta dwe resevwa nan Sekirite Sosyal lè w pran retrèt ou. Tiliv enfòmasyon sa a ap eksplike fason ou kalifye pou avantaj Sekirite Sosyal, fason revni ou ak laj ou kapab afekte avantaj ou yo, sa ou ta dwe panse sou fason pou deside lè pou pran retrèt ou ak pou kisa ou pa ta dwe konte sèlman sou Sekirite Sosyal pou revni retrèt ou.

Tiliv enfòmasyon sa a gen ladan enfòmasyon debaz sou benefis Sekirite Sosyal pou retrèt epi li pa la pou reponn tout kesyon. Pou enfòmasyon spesifik sou sitiyasyon ou, ou ta dwe pale avèk yon anplwaye Sekirite Sosyal.

## Benefis pou retrèt ou

### Kouman ou kalifye pou benefis pou retrèt?

Lè w travay epi ou peye taks Sekirite Sosyal, ou gen "kredi" nan benefis Sekirite Sosyal.

Kantite kredi ou bezwen pou resevwa benefis pou retrèt depannde lè w te fèt. Si w te fèt an 1929 oswa apre, ou bezwen 40 kredi (10 zan travay).

Si w sispann travay anvan w gen ase kredi pou kalifye pou benefis yo, kredi yo ap rete sou dosye Sekirite Sosyal ou. Si w retounen travay annapre, ou ka ajoute plis kredi pou w kapab kalifye. Nou pa kapab peye okenn avantaj retrèt jouk lè ou gen kantite kredi obligatwa yo.

### Konbyen lajan benefis pou retrèt ou ap ye?

Peman benefis ou baze sou kantite lajan ou te touche pandan karyè travay ou. Lè w pase plis tan nan lavi ou ap touche salè, sa ap fè w resevwa plis benefis. Si te gen kèk ane lè w pa t ap travay oswa lè w te gen salè ki ba, kantite lajan benefis ou ka pi ba pase si w t ap travay regilyèman.

Laj ou deside pran retrèt ou afekte peman benefis ou tou. Si w pran retrèt a 62 zan (laj retrèt posib ki pi bonè pou Sekirite Sosyal), benefis ou ap pi ba pase si w rete tann jous apre pou pran retrèt ou. Sa eksplike nan plis detay nan paj 5 ak paj 6.

**NÔT:** Si ou se yon travayè ki gen la 60 tan oswa plis epi w ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal, w ap resevwa yon Etadkont Sekirite Sosyal chak ane. Etadkont sa a ap bay ou yon rezime revni ou. Travayè ki vin gen laj 25 ane ap resevwa yon sèl Etadkont nan sèvis lapòs. Si ou se yon travayè ki gen laj 18 tan oswa plis, ou kapab resevwa yon Etadkont nan Entènèt. Li kapab reprezante yon zouti enpòtan pou ede ou planifye yon avni finansye estab. Lap ba ou yon dosye revni ou, epitou l ap ba ou estimasyon sa avantaj Sekirite Sosyal ou ta ye nan diferan laj retrèt. Lap ba ou tou yon estimasyon avantaj pou andikap ou kapab resevwa si ou vin andikape yon fason grav anvan retrèt ou, ak estimasyon avantaj sivivan Sekirite Sosyal ta ofri madam/mari ou ak manm fanmi kalifye ou lè ou mouri. Pou kreye yon kont nan Entènèt pou revize Etadkont ou, ale sou Entènèt nan sitwèb nou nan [www.socialsecurity.gov/mystatement](http://www.socialsecurity.gov/mystatement).

## Ou kapab pran jwenn estimasyon avantaj retrèt ou

Ou kapab itilize Estimate Retrèt nan Entènèt pou jwenn estimasyon avantaj retrèt imedyat ki adapte pou ou pou ede ou planifye retrèt ou. Estimate Retrèt nan Entènèt se yon zouti planifikasyon finansye ki itil, pwoteje ak rapid, paske li elimine nesesite pou adapte alamen nan ane enfòmasyon sou revni ou. Estimate a ap kite ou kreye tou senaryo “kisa pou mwen fè si». Pa egzanp, ou kapab chanje dat ou «sispann travay» ou oswa fiti revni ou espere touche pou kreye ak konpare diferan chwa retrèt.

Pou jwenn plis enfòmasyon, mande Piblikasyon *Online Retirement Estimator* (Estimate Retrèt nan Entènèt, Piblikasyon Nimewo 05-10510, nan lang angle sèlman) oswa *How To Use The Online Retirement Estimator* (Kouman ou itilize li Estimate Retrèt nan Entènèt, Piblikasyon 05-10511, nan lang angle sèlman), oswa ale sou Entènèt nan sitwèb nou nan [www.socialsecurity.gov/estimator](http://www.socialsecurity.gov/estimator).

## Laj konplè pou pran retrèt

Si ou te fêt nan ane 1944 oswa anvan, ou deja kalifye pou tout avantaj Sekirite Sosyal. Si ou te fêt ant ane 1943 ak ane 1960, laj pou resevwa peman tout avantaj retrèt ap ogmante ofi-amezi pou rive nan laj 67 ane. Tablo ki anba la a bay lis tout laj retrèt selon ane ou te fêt.

<b>Laj pou resevwa tout benefis Sekirite Sosyal</b>	
<i>Ane ou fèt</i>	<i>Laj konplè pou pran retrèt</i>
1943-1954	66
1955	66 kan ak 2 mwa
1956	66 kan ak 4 mwa
1957	66 kan ak 6 mwa
1958	66 kan ak 8 mwa
1959	66 kan ak 10 mwa
1960 ak apre.	67

**REMAK:** Moun ki te fèt premye janvye nenpòt ane ta dwe ale nan ane anvan an.

## Retrèt anvan lè

Ou kapab resevwa avantaj retrèt Sekirite Sosyal lè ou gen laj 62 zan. Men, w ap resevwa yon avantaj redui si ou pran retrèt ou anvan ou rive nan vrè laj pou pran retrèt ou. Pa egzanp, si ou pran retrèt lè ou gen laj 62 zan, avantaj ou ta apeprè 25 poustan pi piti pase sa li ta ye si ou te rete tann jouk lè ou vin gen vrè laj pou pran retrèt ou.

Kèk moun ka chwazi pou abandone travay anvan nan laj 62 zan. Men si yo fè sa, lane san salè ta ka diminye fiti benefis Sekirite Sosyal kan retrèt yo.

**REMAK:** Pafwa pwoblèm medikal fòse moun pran retrèt yo pi bonè. Si w pa ka travay akòz pwoblèm medikal, ou ta dwe anvizaje aplike pou benefis Sekirite Sosyal pou enfimite. Kantite lajan benefis pou enfimite a se menm ak tout benefis pou retrèt ki pa diminye. Si w ap resevwa benefis Sekirite Sosyal pou enfimite lè w rive nan laj konplè pou pran retrèt ou, benefis sa yo ap konvèti an benefis pou retrèt. Pou plis enfòmasyon, rele nou pou fè demann yon kopi piblikasyon, Benefis pou Enfimite (Piblikasyon Nimewo 05-10029-HC).

## Retrèt anreta

Ou ka chwazi pou kontinye travay menm apre laj konplè pou pran retrèt ou. Si w fè sa, ou ka ogmante fiti benefis Sekirite Sosyal ou nan de (2) fason.

Chak ane adisyonèl ou travay ap ajoute yon lòt ane salè nan dosye Sekirite Sosyal ou. Lè w pase plis tan nan lavi ou ap touche salè sa ka vle di plis benefis pou ou lè w pran retrèt ou.

Epitou, benefis ou ap ogmante otomatikman nan yon sèten pou santaj nan moman ou rive nan laj konplè pou pran retrèt ou jous ou kòmanse resevwa benefis ou oswa jous ou rive nan laj 70 zan. Pousantaj la varye selon ane ou fèt. Pa egzanp, si ou te fèt an 1943 oswa apre, n ap ajoute 8 pou san pa an sou benefis ou pou chak ane ou retade enskripsyon ou pou Sekirite Sosyal apre laj konplè pou pran retrèt ou.

**REMAK:** Si w deside retade retrèt ou, asire ou enskri pou Medicare lè w gen 65 kan. Nan kèk sikorans, asirans maladi koute plis lajan si w retade aplikasyon ou pou li. W ap jwenn lòt enfòmasyon sou Medicare nan paj 14-15.

## Fason pou deside lè pou pran retrèt

Chwazi lè pou pran retrèt ou se desizyon ki enpòtan men pèsònèl. Kèlkeswa laj ou chwazi pou pran retrèt ou, se yon bon lide pou kontakte Sekirite Sosyal davans pou konnen chwa ki disponib yo epitou pou pran yon desizyon ki baze sou enfòmasyon ou resevwa. Nan kèk ka, chwa yon mwa pou pran retrèt ou ka vle di pi gwo peman benefis pou ou menm ak pou fanmi ou.

Nan pran desizyon kilè pou pran retrèt ou, Li enpòtan pou sonje ekspè finansye yo fè konnen w ap bezwen 70-80 pou san revni anvan retrèt pou gen yon retrèt alèz. Kòm Sekirite Sosyal ranplase sèlman apeprè 40 pou san revni anvan retrèt pou travayè mwayen an, li enpòtan pou gen pansyon, epay ak envestisman.

Ou ta dwe aplike pou benefis apepre twa (3) mwa anvan dat ou vle pou benefis ou yo kòmanse. Si ou poko pre pou pran retrèt ou, men ou ta renmen pran retrèt ou alavni, ou kapab vizite wèbsayt Sekirite Sosyal pou kapab sèvi ak planifikatè retrèt ki pratik ak enfòmatif nan [www.socialsecurity.gov/retire](http://www.socialsecurity.gov/retire).

## Benefis pou retrèt pou moun ki vèf ak vèv

Moun ki vèf ak vèv yo ka kòmanse resevwa benefis Sekirite Sosyal yo lè yo gen 60 tan, oswa lè yo gen 50 tan si yo enfim. Epi yo ka pran yon benefis redwi sou yon dosye epi annapre yo ka pase nan benefis

konplè sou lòt dosye a. Pa egzanp, yon fanm ka pran yon benefis vèv redwi lè li gen 60 tan oswa 62 zan epi pase nan benefis konplè pou retrèt (100 pouzan) lè li rive nan laj konplè pou li pran retrèt li. Règ yo varye selon sitiyasyon an, kidonk ou ta dwe fè yon ti pale avèk yon anplwaye Sekirite Sosyal sou chwa yo ki disponib pou ou.

## Benefis pou Fanmi.

### Benefis pou manm fanmi

Si w ap resevwa avantaj retrèt Sekirite Sosyal, kèk manm fanmi ou kapab resevwa avantaj yo tou, tankou:

- Konjwen, si yo gen 62 zan oswa plis;
- Madanm/mari ou ki poko gen 62 zan, si y ap pran swen yon timoun ki gen dwa sou dosye ou epi ki poko gen laj 16 zan oswa ki andikape;
- Ansyen konjwen, si yo gen 62 zan oswa plis (ale nan seksyon “Benefis pou yon konjwen divòse” nan paj 10);
- Timoun ki gen jiska 18 oswa jiska 19 lane, si yo se elèv atanplen ki poko diplome nan lekòl segondè; epi
- Timoun enfim, menm si yo gen 18 tan oswa plis.

Si ou vin paran yon timoun (avèk yon timoun ki adopte tou) apre ou kòmanse resevwa benefis yo, fè nou konnen enfòmasyon sou timoun nan pou nou ka deside si timoun nan elijib pou benefis yo.

**REMAK:** Avantaj timoun yo disponib sèlman pou timoun ki pa marye. Men, nan sèten sitiyasyon, n ap peye avantaj yo pou yon timoun andikape ki marye avèk yon moun ki andikape tou depi lè li te piti.

### Benefis pou konjwen

Yon konjwen ki pa travay oswa ki pa touche anpil lajan ka elijib pou resevwa mwatye benefis konplè travay ki pran retrèt li. Si w elijib pou benefis pou retrèt ou ak benefis konjwen ou, n ap toujou peye benefis ou anvan. Si benefis ou antan yon konjwen pi wo pase benefis pou retrèt ou, w ap gen yon melanj benefis k ap egal a pi gwo benefis konjwen an.

Si ou atenn laj retrèt konplè a e ou kalifye pou benefis konjwen oswa ex-konjwen ansanm ak pwòp benefis retrèt ou, ou kapab chwazi resevwa benefis konjwen yo sèlman e kontinye akimile kredi pou

retrèt anreta sou dosye Sekirite Sosyal ou. Answit, ou ka aplike pou avantage yo pita pou resevwa yon pi gwo avantage chak mwa selon efè kredi retrèt anreta yo.

Si w ap resevwa yon panson soulabaz travay kote ou pa t peye taks Sekirite Sosyal, nou kapab redui benefis konjwen ou. W ap jwenn lòt enfòmasyon adisyonèl sou panson ki soti nan travay Sekirite Sosyal pa kouvri nan paj 13iblikasyon sa a.

Si madanm/mari ou ap resevwa avantage retrèt Sekirite Sosyal anvan li rive nan vrè laj pou pran retrèt li, kantite lajan avantage la ap diminye. Kantite rediksyon an depannde lè moun nan rive nan laj konplè pou pran retrèt li.

Pa egzanp:

- Si laj konplè pou pran retrèt la se 65 kan, yon konjwen ka resevwa 37.5 poustan benefis travayè ki pa redwi lè li gen 62 zan.
- Si laj konplè pou pran retrèt la se 66 kan, yon konjwen ka resevwa 35 poustan benefis travayè ki pa redwi lè li gen 62 zan.
- Si laj konplè pou pran retrèt la se 67 kan, yon konjwen ka resevwa 32.5 poustan benefis travayè ki pa redwi lè li gen 62 zan.

Kantite lajan benefis la ap ogmante nan fen laj jiska maksimòm 50 poustan nan laj konplè pou pran retrèt la. Si laj konplè retrèt la diferan ak sa ki endike isit la, kantite lajan benefis la ap tonbe ant 32,5 poustan ak 37,5 poustan nan laj 62 zan.

Men tou, si konjwen ou ap okipe yon timoun ki gen 16 zan oswa ki andikape e k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal sou dosye w, konjwen ou ap resevwa tout benefis yo, kèlkeswa laj li genyen.

Men yon egzanp:

Mary Ann kalifye pou yon benefis \$250 pou retrèt ak yon benefis konjwen \$400. Nan laj konplè pou li pran retrèt, l ap resevwa benefis \$250 pou retrèt li, epi l ap ajoute \$150 benefis pou retrèt konjwen li, pou yon total \$400. Si li pran benefis pou retrèt li anvan laj konplè pou li pran retrèt li, toulède kantite yo ap redwi.

**REMAK:** Madanm/mari ou genyen nan moman an pa kapab resevwa avantage madanm/mari ou jouk lè ou aplike pou avantage retrèt. Men, si ou gen vrè laj pou pran retrèt ou, ou kapab aplike pou avantage retrèt epi ou kapab mande pou peman yo sispann. Nan fason sa a, madanm/mari ou kapab resevwa avantage yon madanm/mari,

*epi ou kapab resevwa kredi retrèt ki anreta jouk lè ou gen laj 70 ane. Se sèlman yon madanm/mari ki kapab aplike pou avantaj “madanm/mari sèlman.” Benefis maksimòm pou fanmi*

Si w gen timoun ki elijib pou Sekirite Sosyal, yo chak ap resevwa jiska mwatye benefis konplè ou. Men gen yon limit nan kantite lajan ki ka peye pou oumenm ak fanmi w—anjeneral 150-180 pouzan peman benefis ou. Si benefis total ki dwe peye pou konjwen ak pitit ou yo plis pase limit sa a, benefis yo ap redwi. Benefis ou p ap afekte.

## **Benefis pou yon konjwen divòse**

Konjwen divòse ou ka resevwa benefis sou dosye Sekirite Sosyal ou si maryaj la te dire omwen 10 zan. Konjwen divòse ou dwe gen 62 zan oswa plis epi li pa dwe marye.

Kantite lajan benefis l ap resevwa pa gen efè sou kantite lajan benefis ou menm oswa konjwen ou ka resevwa.

Epitou, si ou menm ak ansyen konjwen ou te divòse pandan omwen dezan, epi ou menm ak ansyen konjwen ou gen omwen 62 zan, li ka resevwa benefis menm si w pa pran retrèt ou.

## **Sa w bezwen konnen lè w elijib pou resevwa benefis pou retrèt**

### **Kouman pou enskri pou Sekirite Sosyal?**

Ou ka aplike pou benefis ou retrèt sou entènèt nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa ou ka rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Oswa ou ka pran yon randevou pou vizite nenpòt biwo Sekirite Sosyal pou aplike an pèsòn.

Selon sikostans ou yo, w ap bezwen kèk oswa tout dokiman ki endike nan lis anba a. Men pa retade aplikasyon pou benefis yo paske ou pa gen tout enfòmasyon yo. Si w pa gen yon dokiman ou bezwen, nou ka ede w jwenn li.

Enfòmasyon ki nesesè:

- Nimewo Sekirite Sosyal ou genyen nan moman an;
- Batistè ou;
- Fòm W-2 ou yo oswa fòm taks travay endependan ou pou ane pase;
- Papye dechaj militè ou si w te nan sèvis militè;

- Batistè ak nimewo Sekirite Sosyal konjwen ou si l ap aplike pou benefis yo;
- Batistè ak nimewo Sekirite Sosyal timoun yo, si w ap aplike pou benefis pou timoun yo;
- Prèv sitwayènte ameriken oswa sitiyasyon etranje legal si ou menm (oswa yon konjwen oswa timoun ki aplike pou benefis yo) pa t fèt Ozetazini; epi
- Non enstitisyon finansye ou, nimewo idantifikasyon an, ak nimewo kont ou, pou nou kapab fè depo avantaj ou dirèkteman sou kont ou. Si ou pa gen yon kont nan yon enstitisyon finansye, oswa si ou pito resevwa avantaj ou yo sou kat debi ki peye davans, ou kapab resevwa yon kat Direct Express®. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou Entènèt nan sitwèb [www.GoDirect.org](http://www.GoDirect.org).

W ap bezwen soumèt dokiman orijinal yo oswa kopi sètifye ki sòti yon biwo ki bay dokiman yo. Ou ka voye yo nan kourye oswa ou ka pote yo nan Sekirite Sosyal. N ap fè fotokopi dokiman yo epi n ap retounen yo ba ou.

## Dwa pou fè apèl

Si ou pa dakò avèk yon desizyon ki pran sou demann ou, ou gen dwa pou ou fè apèl kont sa, sètadi, ou gen dwa pou ou voye kòz ou devan yon tribinal ki pi wo. Etap ou ka pran pou fè sa eksplike nan piblikasyon *Pwosesis Pou Fè Apèl* (Piblikasyon nimewo 05-10041-HC) ki disponib nan Sekirite Sosyal.

Ou kapab fè pwòp kontestasyon ou avèk èd gratis nan Sekirite Sosyal, oswa ou kapab chwazi pou fè yon reprezantan ede ou. Nou kapab ba ou enfòmasyon sou òganizasyon ki kapab ede ou jwenn yon reprezantan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou chwazi yon reprezantan, mande *Dwa Ou Pou Reprezantasyon* (Piblikasyon Nimewo 05-10075-HC).

## Si w ap travay epi w ap resevwa benefis anmenmtan

Ou ka kontinye travay epi ou toujou ap resevwa benefis pou retrèt la. Salè ou nan (oswa apre) mwa ou gen laj konplè pou pran retrèt la p ap diminye benefis Sekirite Sosyal ou. Men tou, benefis ou yo ap

diminye si salè ou depase sèten limit pou mwa anvan ou rive nan laj konplè pou pran retrèt ou. (Gade tablo ki nan paj 6 la pou jwenn vrè laj pou pran retrèt ou.)

#### *Men ki jan sa fonksyone:*

Si w poko gen laj konplè pou pran retrèt ou, n ap dedwi \$1 nan benefis ou sou chak \$2 nan salè ou genyen ki depase limit anyèl la.

Nan ane ou rive nan laj konplè pou pran retrèt ou, n ap retire \$1 sou chak \$3 ou touche sou yon limit anyèl diferan jous mwa ou gen laj konplè pou pran retrèt la. Depi w rive nan laj konplè pou pran retrèt ou, ou ka kontinye travay epi ou ka touche tout kantite lajan ou kapab, epitou benefis Sekirite Sosyal ou p ap redwi, kèlkeswa lajan ou touche.

Si, pandan ane a, salè ou vin pi wo oswa pi ba pase sa w te estime a, fè nou konnen sa a san pèdi tan pou nou ka ajiste benefis ou.

Pou plis enfòmasyon sou fason travay afekte benefis ou, kontakte nou epi mande yon kopi pubblikasyon *Kòman Travay Ou Afekte Benefis Ou* (Piblikasyon nimewo 05-10069-HC), ki gen limit regilye salè pa an ak pa mwa.

### **Yon règ espesyal pa mwa**

Yon règ espesyal aplike sou salè ou pou yon ane, anjeneral nan premye ane retrèt ou. Anba règ sa a, ou ka resevwa yon chèk tout benefis Sekirite Sosyal pou nenpòt mwa ou touche anba yon sèten limit, kèlkeswa salè ou touche pou ane a. Salè ou dwe pi ba pase yon limit pa mwa.

Pou plis enfòmasyon sou fason travay afekte benefis ou, kontakte nou epi mande yon kopi pubblikasyon *Kòman Travay Ou Afekte Benefis Ou* (Piblikasyon nimewo 05-10069-HC), ki gen limit regilye salè pa an ak pa mwa.

### **Ou ka peye taks sou benefis ou**

Apeprè yon tyè (1/3) moun ki gen Sekirite Sosyal dwe peye taks revni sou benefis yo.

- Si ou ranpli fòm deklarasyon taks federal sou revni ou kòm kontribiyab «apa», epi si revni<sup>\*</sup> total ou ant \$25,000 ak \$34,000, ou ka gen pou peye taks jiska 50 pouzan avantaj Sekirite Sosyal ou. Si revni<sup>\*</sup> total ou plis pase \$34,000, ou ka peye taks revni pou apeprè 85 pouzan avantaj Sekirite Sosyal ou.

- Si w ranpli fòm taks an komen, ou ka gen pou peye taks sou 50 pouzan benefis ou yo si ou menm ak konjwen ou gen yon revni total\* ki ant \$32,000 ak \$44,000. Si revni total\* ou plis pase \$44,000, ou ka peye taks revni sou apeprè 85 pouzan benefis Sekirite Sosyal ou.
- Si w marye epi ou ranpli fòm taks ou apa, w ap pètèt peye taks sou benefis ou.

Nan fen chak ane, n ap voye ba ou yon *Social Security Benefit Statement* (*Etadkont Sekirite Sosyal pa lapòs*, Fòm SSA-1099, nan lang angle sèlman). Etadkont sa a ap montre w kantite benefis ou resevwa deja. Ou ka sèvi ak etadkont sa a lè w ap ranpli fòm taks federal ou pou chèche konnen si w dwe peye taks sou nenpòt kantite lajan nan benefis ou.

Menm si w pa gen obligasyon pou fè dedwi taks federal ou, ou ka jwenn li pi fasil olye w fè peman taks estimate pa trimès.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Internal Revenue gratis nan nimewo **1-800-829-3676**, pou mande Biblikasyon 554, *Tax Guide for Seniors (Gid sou Taks pou Gramoun Aje)*, ak Biblikasyon 915, *Social Security and Equivalent Railroad Retirement Benefits (Sekirite Sosyal Ak Avantaj Retrèt Ekivalan nan Chemennfè)*.

\* *Sou fòm taks 1040, “revni total” ou se sòm revni bri ajiste ou plis enterè ki pa taksab plis mwatye benefis Sekirite Sosyal ou.*

## **Sekirite Sosyal pa garanti Pansyon nan travay**

Si w pran yon pansyon nan travay kote w t ap peye taks Sekirite Sosyal, pansyon an p ap afekte benefis Sekirite Sosyal ou. Men tou, si w pran yon pansyon nan travay Sekirite Sosyal pa garanti—pa egzanp, sèvis civil federal, kèk djòb leta oswa djòb gouvènman lokal oswa travay nan peyi etranje—benefis Sekirite Sosyal ou ka redwi.

Pou plis enfòmasyon, mande biblikasyon an ki rele:  
*Government Pension Offset* (Biblikasyon nimewo 05-10007, )—pou anplwaye gouvènman ki ka elijib pou benefis Sekirite Sosyal sou dosye salè yon konjwen ak *Windfall Elimination Provision* (Biblikasyon nimewo 05-10045)—pou moun ki te travay nan yon lòt peyi oswa pou anplwaye gouvènman ki elijib tou pou pwòp benefis Sekirite Sosyal yo.

## Lè w kite Etazini

Si ou se yon sitwayen ameriken, ou ka vwayaje pou ale oswa pou viv nan pifò peyi etranje san sa afekte elijiblite ou pou benefis Sekirite Sosyal ou. Men tou, gen kèk peyi kote nou pa kapab voye peman Sekirite Sosyal yo. Peyi sa yo se Kanbòdj, Kiba, Kore-di-Nò, Vyetnam ak rejjyon ki te nan ansyen repiblik Inyon Sovyetik (eksepte Ameni, Estoni, Letoni, Lityani ak Larisi). Sepandan, nou kapab fè yon eksepsyon pou sèten benefisyè elijib ki nan peyi ki pa Kiba ak Kore-di-Nò. Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon osijè eksepsyon sa yo, tanpri kontakte biwo Sekirite Sosyal ou.

Si w ap travay deyò Etazini, gen règ diferan ki aplike pou nou detèmine si w ka resevwa benefis.

Pou plis enfòmasyon, rele nou pou fè demann yon kopi piblikasyon, *Your Payments While You Are Outside The United States* (Piblikasyon nimewo 05-10137, nan lang angle sèlman).

## Yon ti mo sou Medicare

Medicare se yon plan asirans sante nasyonal pou moun ki gen laj 65 ane oswa plis. Moun ki andikape oswa ki gen ensifizans renal pèmanan kapab resevwa Medicare nan nenpòt laj.

### Medicare gen kat (4) pati

- Asirans pou lopital (Pati A) ki ede peye pou pasyan ki entèn ak sèten sèvis swen swivi. Ou deja peye pou sa kòm pati taks Sekirite Sosyal ou pandan w t ap travay.
- Asirans maladi a (Pati B) ede peye pou sèvis doktè, swen pasyan kip a dòmi lopital ak kèk lòt sèvis medikal.
- Plan Advantage Medicare yo (Pati C) disponib nan divès kote. Moun ki gen Medicare Pati A ak B kapab chwazi resevwa tout sèvis swen sante yo grasa yon òganizasyon founisè selon Pati C.
- Garanti pou medikaman sou preskripsyon (Pati D) ede pou medikaman doktè preskri pou tretman.

Si ou deja ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal lè ou gen laj 65 ane, asirans lopital Medicare ou (Pati A) ap kòmanse otomatikman. Si w ap viv Ozetazini, anjeneral w ap antre nan yon asirans medikal (Pati B) otomatikman. Moun k ap viv nan Pòtoriko oswa nan peyi etranje yo p ap resevwa Pati B a otomatikman. Yo dwe chwazi avantaj sa a.

Si poko ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal, ou ta dwe kontakte nou nan apeprè twa (3) mwa anvan ou gen laj 65 ane pou enskri pou Medicare. Ou kapab enskri pou Medicare menmsi ou pa gen plan pou pran retrèt ou lè ou gen laj 65 ane. Pou jwenn plis enfòmasyon, mande *Medicare* (Piblikasyon Nimewo 05-10043-HC).

## **Èd avèk depans Medicare pou moun ki p ap touche anpil lajan**

Si ou p ap touche anpil lajan epi ou pa gen anpil resous, eta kote ou ap viv la ka peye prim Medicare ou yo pou ou epi, nan kèk ka, eta kote ou ap viv la ka peye lòt depans medikal ki sòti nan pòch ou pou ou, tankou dediktib ak ko-asirans.

Se sèlman eta kote w ap viv la ki kapab deside si ou kalifye pou resevwa èd nan Pwogram Epay Medicare. Pou chèche konnen sa, kontakte ajans eta kote w ap viv la oswa ajans asistans medikal lokal (Medicaid), biwo sèvis sosyal oswa biwo asistans sosyal.

## **“Èd siplemantè” pou frè medikaman sou preskripsiyon nan Medicare**

Si ou pa touche ase revni (akòz nivo federal povrete), epi si ou pa gen ase resous, ou ka kalifye pou jwenn Èd Siplemantè pou peye pou medikaman sou preskripsiyon ou anba Pati D Medicare. Wòl Sekirite Sosyal nan pwogram sa a se pou:

- Ede ou konprann kijan ou ka kalifye;
- Ede ou ranpli aplikasyon pou èd siplemantè a; epi
- Travay sou aplikasyon ou.

Si ou aplike pou Èd Siplemantè a, n ap kòmanse yon aplikasyon tou pou Pwogram Epay Medicare, sof si ou di nou pa fè sa. Pou wè si ou kalifye oswa pou aplike, rele nimewo gratis Sekirite Sosyal oswa ale sou Entènèt nan sitwèb nou an nan [www.socialsecurity.gov/extrahelp](http://www.socialsecurity.gov/extrahelp).

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-10035-HC  
Retirement Benefits (Haitian-Creole)  
July 2012